

Jesyon Medikaman



Medikaman

Medikaman sou preskripsyon ak medikaman san preskripsyon

Kijan pou w jwenn plis medikaman (Renouvèlman preskripsyon)

Ki kote pou w jwenn plis medikaman

Li etikèt preskripsyon w yo

Enfòmasyon enpòtan sou yon seri medikaman espesifik

Pran medikaman yo an tout sekirite

Medikaman ak timoun

Konpleman Alimantè (vitamin, mineral, fèy, pwoteyin an poud, elt.)

Elimine medikaman: elimine medikaman ou pa vle oubyen medikaman ou pa bezwen



Medikaman

Nan Etazini, aksè a medikaman yo diferan parapò a anpil lòt peyi. Anpil medikaman ou ka ale ou achte nan yon famasi nan lòt peyi, nan Etazini ou bezwen yon randevou medikal ak yon preskripsyon pou yo.

Kijan nou dekri medikaman yo nan Etazini:

Yon **medikaman a preskripsyon** mande pou gen yon preskripsyon elektwonik oswa sou papyè yon doktè voye nan yon famasi. Kantite kòb w ap gen pou peye pou medikaman an rele kopèman. Lè yon famasi ba ou yon medikaman yo preskri w, yo di li **ekzekite preskripsyon an**.

Yon **medikaman san preskripsyon** se sa ou ka achte nan nenpòt famasi san ou pa bezwen okenn preskripsyon, ou ka menm achte yo sou entènèt. Si w pa konnen ki medikaman pou w achte nan famasi a pou w ka santi w pi byen, ou ka menm mande famasyon an konsèy.

Chak medikaman gen omwen de non: yon non komèsyal ak yon non jenerik. **Non komèsyal** yon medikaman (tankou “Tylenol”) se non konpayi ki fè medikaman an ba li, epi **non jenerik**, oswa **non chimik** la, se konpozan aktif medikaman an (tankou “asetaminofèn”). **Konpozan aktif** la se sibstans ki fè medikaman an bay rezilta a. Gen de lòt konn gen plizyè non komèsyal pou menm medikaman jenerik la (pa egzanp Motrin ak Advil se non komèsyal pou menm medikaman jenerik ibipwofèn nan. Jeneralman, konpozan aktif yo se menm nan tout peyi.

Kijan pou jwenn plis medikaman (renouvèlman)

Gen kèk medikaman moun dwe pran pou kèk jou sèlman, tankou antibyotik yo si gen enfeksyon. Men gen lòt medikaman moun dwe pran pandan plizyè mwa oswa plizyè ane, tankou medikaman ki pou kontwòle tansyon yo. Yo rele medikaman sa yo **medikaman kwonik**.

Pou medikaman moun dwe pran alontèm yo, yo dwe mande famasi a yon kantite medikaman anplis chak mwa oswa chak twa mwa. Nan Etazini, nou rele sa **renouvèlman**.

Doktè yo ka apwouve medikaman pou maksimòm yon ane. Sa vle di, ou ka mande renouvèlman nan famasi a pou w ka jwenn plis medikaman san w pa bezwen wè doktè w. Pou rezon sekirite, pafwa doktè w la ka mande pou w pran yon randevou anvan li ba ou yon lòt preskripsyon.

Famasi yo ap kenbe renouvèlman yo nan dosye yo pou jiskaske yo bezwen yo. Gen kèk famasi ki prepare renouvèlman yo otomatikman pou pasyan yo ka pase pran yo nan dat yo fikse a, tandiske gen lòt famasi ki tann pou pasyan an rele oswa vini nan famasi a pou yo mande plis medikaman. Si pa gen renouvèlman nan dosye famasi a, l ap rele ekip medikal ou a dirèkteman pou yo mande yon lòt preskripsyon, oswa y ap di w pou w rele doktè w. **Asire w ou konnen si famasi a kontakte doktè w, oswa si se ou menm ki dwe rele.**

Ou dwe mande renouvèlman an omwen 4 jou ouvrab **anvan** medikaman ou fini pou ekip medikal ou a ak famasi a ka jwenn tan pou prepare renouvèlman an pou w ka al chèche li.

Li vrèman enpòtan pou w kontinye pran medikaman w jiskaske doktè a di w kanpe, menm si ou santi w pi byen.

Pasyan CHA yo ka fè ekzekite preskripsyon yo nan nenpòt nan famasi CHA yo. Yo Cambridge, nan Lès Cambridge, Malden, ak Revere. Èd finansyè disponib pou moun ki kalifye yo.



Cambridge Hospital

1493 Cambridge St.
2nd floor, main building
617-665-1438



CHA East Cambridge

163 Gore Street
Next to Primary Care
617-499-6690



CHA Malden

195 Canal Street
1st floor
781-338-8990



CHA Revere

454 Broadway
1st floor
781-485-8272

Tcheke sit entènèt nou an pou orè aktyèl nou yo

Pasyan CHA yo gen aksè a pri ki pi ba ki disponib nan famasi CHA yo parapò a yon famasi komèsyal tankou Walgreens oswa CVS. Asirans Health Safety Net peye pou medikaman nan famasi CHA sèlman (medikaman gratis oswa a ba pri). Li enpòtan pou w konnen ki tip asirans ou genyen, paske sa ap afekte kantite kòb w ap gen pou peye pou medikaman yo ak sou ki kote ou ka jwenn yo.

Famasi CHA yo delivre medikaman bay pasyan nou yo gratis tou. Ou ka rele famasi a dirèkteman pou mande pou delivre medikaman ou yo oswa tou atravè aplikasyon RxLocal ki sou telefòn ou an. <https://app.rxlocal.com/>

Entèprèt

Gen entèprèt medikal ki disponib nan telefòn e pafwa yo la an pèsòn pou ede w kominike ak ekip swayan ou an. Lalwa ba w dwa pou w resevwa swen medikal gratis nan lang ou gras a yon entèprèt. Ou gen dwa tou pou w mande yon lòt entèprèt pou kèlkeswa rezon an (pa egzanp, si w gen dout sou kalite entèpretasyon an, ou gen pwoblèm a sèks entèprèt la, aksan li, elatriye). Famasi yo gen obligasyon pou yo bay entèprèt tou si sa nesèsè.

Li etikèt preskripsyon ou yo

Etikèt preskripsyon ou yo gen anpil enfòmasyon enpòtan sou yo. Etikèt la ap gen non medikaman an (komesyal ak/oswa jenerik), enstriksyon sou ki kantite pou pran epi chak kilè, non doktè ki preskri medikaman an, non/adrès/nimewo telefòn famasi ki ekzekite preskripsyon an, kantite medikaman ki nan flakon an oswa bwat la, kantite renouvèlman disponib nan famasi a ak lòt enfòmasyon ankò.

Sonje: si kantite renouvèlman an ekri sou etikèt la, rele famasi a pou mande pwochen flakon an (se pa klinik la pou w rele).

Enfòmasyon enpòtan sou sèten tip de medikaman

Antibiyotik

Antibiyotik yo se medikaman ki ede konbat maladi bakteri bay yo. Bakteri yo ka bay maladi tankou enfeksyon nan gòj, enfeksyon irinè, sifilis ak nemoni. Antibiyotik ki pi komen yo se amoksisilin, penisilin, azitwomisin, sefaleksin, sipwofloksasin, metwonizadòl epi seftriazòn. **Tout antibiyotik yo mande pou gen preskripsyon nan Etazini.**

Nan Etazini, yo administre antibiyotik yo prensipalman nan bouch, yo pa bay piki pou yo. Yo efikas menm jan ak medikaman yo enjekte yo.

Antibiyotik PA trete viris. Anpil nan maladi ki komen yo se viris ki bay yo – an reyalyte, yon senp rim se yon viris ki bay li. Lè se yon viris ki bay yon maladi, antibiyotik PA P ede w geri, ni ekip medikal ou a pa p preskri w yo tou.

Si moun yo pran antibiyotik san bezwen, oswa si yo pa pran antibiyotik la kantite fwa yo ta dwe pran li an, bakteri yo kapab evolye e yo reziste a antibiyotik la. Lè sa rive, antibiyotik la paka aji pou touye bakteri yo ankò. **Pou evite kreye bakteri ki rezistan, li enpòtan pou pran antibiyotik sèlman si doktè w preskri w li epi fini tout sa yo te preskri w la (menm si w santi kondisyon ou amelyore touswit).**

Sibtans kontwole

Sibtans kontwole yo se medikaman gouvènman an mete kontwòl sou yo paske yo kapab kreye yon depandans oswa moun ka fè eksè ladan yo (pran yo yon fason ki pa adapte poutèt efè segondè yo olye pou pran yo nan kad yon tretman medikal). Opyoyid yo (oksidòn, mòfin, tramadol ak lòt ankò), benzodyazepin yo (Klonopin, lorazépam / Ativan, diazépam / Valium ak lòt ankò), gabapentine ak prégabaline (Lyrica) epi estimilan yo (anfetamine / Adderall, metilfenidate / Ritalin ak lòt ankò) se kèk egzanz kouran sibtans ki kontwole. Gouvènman an enpoze òganis swen sante yo règleman sou kijan ak kilè pou yo preskri medikaman sa yo, epi sou kijan pou yo swiv pasyan k ap pran medikaman sa yo pou ka garanti sekirite yo.

Kèk nan medikaman ki kontwole sa yo disponib nan lòt peyi pou pran yo san preskripsyon ni okenn kontwòl. Menm si w te konn pran medikaman sa yo nan peyi kote w te ye a, ekip swen ou ki nan Etazini an ka pwopoze w lòt tretman si l wè gen lòt opsyon ki pi fyab pou sante w.

Planin (kontwòl fè pitit)

Nan anpil peyi, gen grenn planin yo vann nan famasi oswa nan boutik ou ka achte san preskripsyon. Nan Etazini, prèske tout metòd planin yo se preskri pou yo preskri ou yo, e menm grenn nan tou. Apati de 2024, ap gen yon sèl grenn planin k ap disponib nan famasi yo san preskripsyon (Opill / norgestrel).

CHA bay tout medikaman pou kontwole pouvwa fè pitit yo gratis depi w paka peye yo. Epi tou ou kapab resevwa medikaman kontraseptif pou 12 mwa alafwa nan nenpòt famasi nan Massachusetts.

Swen Kontraseptif nan CHA

Pwogram Sante Seksyèl ak Repwodiksyon CHA a se yon resous inik ki pèmèt ou jwenn enfòmasyon sou metòd planin yo, sèvis avòtman ak tèst depistaj pou enfeksyon moun pran nan fè sèks yo epi konekte a sèvis sa yo. Ou pa oblije se yon pasyan CHA pou w itilize sèvis sa yo. Rele 617-591-6746 pou pran yon randevou.

Diferans espesifik ant medikaman yo nan Etazini.

Gen kèk medikaman ou ka achte nan lòt peyi, men yo mande pou w gen yon preskripsyon nan Etazini oswa yo pa disponib menm. Lòt medikaman yo, yo itilize yo yon lòt jan nan Etazini. Men kèk nan diferans yo:

BREZIL:

- Medikaman konbine pou doulè ak kranp nan misk tankou Dorflex, Torsilax ak Neosaldina, yo pa disponib nan Etazini. Tout medikaman sa yo gen yon pwodui pou relache misk ak lòt konpozan aktif. Nan Etazini, medikaman pou relache misk yo disponib sèlman ak preskripsyon.
- Konbinezon òmonal ki gen estwojèn, pwojestewòn ak testotewòn (sou fòm pis (plon an), grenn oswa krèm nan) yo pa disponib nan Etazini.
- O Brezil, yo itilize Novalgina and Novalgina Infantil (dipirona, yon anti enflamatwa non estewoyidyen oswa AINS) pou trete doulè ak lafyèw sou timoun ki gen plis pase 3 mwa. Medikaman sa a pa disponib nan Etazini. Epi, doktè Ameriken yo rekòmande pou evite bay timoun ki poko gen 6 mwa AINS yo.

AYITI

- Cyproheptadine disponib san preskripsyon an Ayiti e yo souvan itilize l pou timoun ki pa gen apeti. Nan Etazini se sèlman ak yon preskripsyon pou achte medikaman sa a, ni yo pa itilize l souvan.
- Yo pa itilize Aspirin pou trete timoun nan Etazini.

Pran medikaman yo an tout sekirite

Swiv enstriksyon enpòtan sa yo pou ka pran medikaman w an tout sekirite:

1. Piga pran medikaman lòt moun.
2. Piga pran medikaman enpòte san w pa mande ekip medikal ou a nan Etazini si w ka pran l.
3. Piga pran plis ke dòz yo preskri a.
4. Piga pran yon medikaman pi souvan ke jan yo rekòmande a oswa yo preskri a.
5. Pran medikaman ou jiskaske doktè w di pou w kanpe – piga sispann pran medikaman an sèlman paske w santi w mye.
6. Byen swiv enstriksyon ki di kijan pou w pran medikaman yo – pa egzanp, gen medikaman pou w pran san manje e gen lòt ou dwe pran lè w ap manje.
7. Fè atansyon a efè segondè medikaman yo – pa egzanp, gen kèk medikaman ki bay vètij, ou pa dwe kondwi lè w ap pran medikaman sa yo.
8. Fè anpil pridans a medikaman ou achte san preskripsyon yo:
 - Respekte laj, dòz yo rekòmande yo ak enstriksyon ki sou medikaman yo – si w pa konprann enstriksyon yo, yon famasyen ka rele yon entèprèt pou ou pou esplike w yo nan lang ou.
 - Touju itilize yon mezirèt oswa yon sereng pou dòz yo – piga itilize kiyè manje yo.
 - Fè atansyon a medikaman konbine yo (medikaman ki gen plis ke yon konpozan aktif – medikaman sa yo se sitou pou grip ak rim). Li posib pou w fè eksè nan dòz la pa aksidan si w pran plizyè medikaman konbine ki gen menm konpozan yo.
9. Konnen kisa w dwe siveye pou w ka konnen reyaksyon alèji yo e konnen kisa w dwe fè. Si w gen:
 - Difikilte pou respire oswa respirasyon a bwi lè w fin pran yon medikaman, oswa si figi w oswa gòj ou anfle, rele 911 oswa ale nan ijans touswit.
 - Demanjezon (mak wouj ki grate sou kò ou ki ka ale epi ki retounen) san pwoblèm respirasyon: kanpe sou medikaman an epi rele kinik swen primè ou a touswit.
Si w pa gen yon sant swen primè, ale nan yon sant swen dijans.
 - Vomisman oswa dyare: rele sant swen primè ou a touswit.
Si w pa gen yon sant swen primè, ale nan yon sant swen dijans.



Medikaman e timoun

Anpil medikaman ka prezante yon danje pou timoun yo si yo twò piti oswa si dóz la twò fó. Si w gen dout sou yon medikaman, mande yon pwofesyonèl sante.

Si timoun ou an:

- **Poko gen 2 mwa: piga ba li okenn medikaman** san w pa pale ak yon pwofesyonèl sante.
Tankou medikaman pou lafyèw tankou asetaminofèn oswa ibipwofèn!
- **Mwens ke 6 mwa:** pa bay ibipwofèn.
Ou ka ba li asetaminofèn/Tylenol apre 2 mwa si yon doktè di ou fè sa. Dòz la baze sou pwa tibebe a – mande doktè pitit ou a pou dòz ki kòrèk la.
- **Poko gen 2 zan:** piga ba li okenn medikaman san preskripsyon si se pa asetaminofèn (Tylenol) oswa ibipwofèn (Motrin/Advil) san w pa mande yon pwofesyonèl sante ki dòz ou dwe ba li ak kilè.
- **Poko gen 6 zan:** piga ba li okenn medikaman pou grip oswa rim san yon pwofesyonèl sante pa di w ba li l – medikaman sa yo ka pwodui efè segondè ki grav kay jèn timoun (li ka menm afekte respirasyon yo)
- **Piga janm bay yon timoun aspirin (si l poko gen 18 lane)** amwenske yon doktè di w ba li l (aspirin nan ka bay timoun yo yon maladi ra e ki grav ki rele sendwom Reye)

Anjeneral:

- Toujou itilize yon mezirèt oswa yon sereng pou dòz yo; piga itilize kiyè manje yo.
- Pa janm bay plis ke dòz yo rekòmande a.
- Atansyon a konsantrasyon ak dòz medikaman likid yo; sa konn rive medikaman ki pou bebe yo konn pi fò pase sa yo fè pou gran timoun yo. Yon egzanp se Motrin pou tibebe ak Motrin pou timoun. Fè anpil atansyon pou tcheke si dòz la kòrèk chak fwa. Si ou gen nenpòt kesyon, konsilte doktè pitit ou a.
- Asire w ke timoun yo pa ka jwenn aksè a medikaman yo epi fèmen sibstans kontwole yo anba kle.
- Jete medikaman ki ekspire oswa ou pa itilize ankò yo (gade “eliminasyon medikaman yo” anba a).

Kontwòl Pwazon: 1-800-222-1222

Si pa aksidan, yon timoun ou pran medikaman li pa t dwe pran, oswa li pran twòp nan yon medikaman, rele sant Anti Pwazon Nasyonal la gratis, 24 sou 24 pou w ka jwenn konsèy rapid sou kisa ou dwe fè: 1-800-222-1222. (Gen entèprèt ki disponib)

Ekspè sa yo ka ede si gen timoun oswa granmoun ki entoksike, si yo manje, bwè yon bagay oswa yon bagay vole li fè kontak ak po yo, zye yo oswa si yo respire li. Ou kapab rele tou si w pa sèten si yon bagay toksik men ou pè pou w pa ekspoze.

Sipleman (vitamin, mineral, fèy, poud pwoteyin, elatriye)

Yo pa kontwole sipleman yo nan Etazini menm jan yo kontwole medikaman yo. Sa vle di, pa gen kontwòl pou asire yo ke yo fonksyone vrèman, ke yo se pwodui ki fyab epi dòz reyèl konpozan aktif la koresponn a sa ki ekri sou anbalaj la. Kèk sipleman (tankou zèb Sen Jan [millepertuis] oswa vitamin K) kapan entèaji ak lòt medikaman de fason danjere, e genyen ki kapab toksik si yo pran dòz ki fò ladan yo. Enfòmè ekip medikal ou a si w a p pran sipleman oswa vitamin san preskripsyon.

Anpil fwa, sipleman yo pa reprezante danje depi yo pran yo selon enstriksyon ki sou anbalaj la. Men, li toujou bon pou konsilte ekip medikal ou an anvan ou kòmanse pran sipleman.

Piga bay timoun yo vitamin oswa sipleman san w pa pale de sa ak ekip medikal yo anvan.

Eliminasyon medikaman yo: Jete medikaman ou ba bezwen oswa ou pa itilize ankò yo

Si w gen medikaman ki ekspire, medikaman ou pa bezwen ankò oswa antiyotik likid ki rete lè w fini yon preskripsyon, ou ta dwe jete yo. Sa ap ede w asire w pa gen moun ki pran medikaman yo pa t dwe pran.

Gen medikaman ou ka flòch nan twalèt, gen lòt ou ka jete nan poubèl oswa retounen yo nan famasi yo. Anpil fwa, gen pòs polis ki resevwa medikaman ou pa bezwen yo.



Ou ka jwenn yon kote pou w retounen medikaman ou pa bezwen yo la a.

Ou ka mande konsèy nan famasi kote w pran medikaman an sou kijan ou pou w elimine medikaman yo.



CARE TO THE PEOPLE

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite challiance.org.